

Plan senkan pou aksesiblite (2024-2028) – Lwa lokal 12 Vil Nouykòk nan ane 2023

NEW YORK CITY PUBLIC SCHOOLS

NYC PUBLIC SCHOOLS, SPACE MANAGEMENT | 131 Livingston Street, Rm 209, Brooklyn, NY 11201.

Kontni

JENERAL	2
APÈSI SOU AJANS LAN AK MISION LI.....	2
REZIME	3
PLAN AJANS LA.....	4
1) AKSÈ FIZIK	4
I. Sou-komite pou aksesibilite (Accessibility Sub-committee).....	6
II. Patenarya avèk otorite responsab konstriksyon pou lekòl	7
III. Patenarya avèk Divizyon Ekipman Lekòl.....	7
IV. Sondaj pwofil aksesibilite nan bilding.....	8
2) AKSÈ DIJITAL	8
3) AKSÈ PWOGRAMASYON	9
I. Règleman admisyon sou aksesibilite	9
II. Akomodasyon Rezonab	10
III. Distri 75	11
4) KOMINIKASYON EFEKTIF.....	11
I. Devlopman règleman ak gid	12
II. Trening/Fomasyon	12
5) ENKLIZYON NAN PLAS TRAVAY	13
METODOLOJI	14
SIPLEMAN A	15
<i>Règleman Chanselye A-830:</i>	15
APPENDIX B	16
<i>Deklarasyon Aksesibilite sou Sitwèb</i>	16
SIPLEMAN C	17
<i>Règleman Chanselye A-710:</i>	17
SIPLEMAN D	18
<i>Règleman Chanselye A-101:</i>	18

Jeneral

Lwa lokal 12 yo te pase nan ane 2023 a egzije pou chak ajans nan Vil Nouyòk, an konsiltasyon avèk Biwo Majistra a pou moun ki gen andikap (Mayor's Office for People with Disabilities, MOPD), devlope epi aplike yon plan aksesibilite pou senk ane. Plan an dwe gen ladan, omwen, (1) etap ajans lan ap pran kounye a ak etap li pral pran pandan senk pwochen ane yo pou asire espas travay ajans lan, sèvis li yo, pwogram li yo ak aktivite li yo aksesib pou moun ki gen andikap, pou yo akomode yo epi pou yo enklizif; epi (2) gen enfòmasyon sou pwojè ki ankou ak pwojè yo prevwa pou amelyore aksè fizik, dijital ak pwogramasyon, ak bon komunikasyon pou moun ki gen andikap, tankou nenpòt modifikasyon oswa chanjman nan estrikti, amelyorasyon oswa envestisman nan teknoloji oswa zouti, ak nenpòt lòt etap ajans lan ap pran oswa li gen plan pou pran pou fè pwogram ak sèvis li yo pi aksesib pou moun ki gen andikap epi pou yo enklizif.

Apèsi sou ajans lan ak misyon li

Misyon Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) se asire chak elèv gradye sou wout yon karyè ki bay anpil rekonpans ak sekirite ekonomik alontèm, tou pare pou yo vin yon fòs pozitif pou chanjman. Avèk apeprè yon total 900 000 elèv, NYCPS se pi gwo sistèm lekòl nan peyi a. Fè pwomosyon pou siksè elèv egzije kolaborasyon nan tout divizyon andedan ajans ak biwo yo pou sipòte plis pase 1 800 lekòl ak pwogram. Avèk divèsite ki egziste pami elèv NYCPS yo, nou kreye yon rezo estrikti ak sistèm konplè pou egzamine epi sipòte bezwen tout elèv, ladan elèv ki gen andikap.

NYCPS ap fè efò pou sipòte elèv ki gen andikap nan ba yo plis opòtinite pou yo jwenn aksè ak atravè gwo kanpay konsyantizasyon l ap fè sou bezwen yo ak dwa yo. Ajans lan ap fè efò pou etabli yon kilti ki anbrase ide pou montre aksesibilite a se plis pase yon manda lejislatif oswa yon kesyon kòd pou yo respekte; li se yon dwa fondamantal moun. NYCPS fyè nan travay li akonpli pou sipòte kèk nan elèv ki pi vilnerab yo epi li kenbe angajman pou asire li kontinye reyalize misyon li.

Biwo Planifikasyon pou Aksesibilite

Biwo Planifikasyon pou Aksesibilite (Office Accessibility Planning, OAP) asire pwogram, sèvis ak aktivite NYCPS yo aksesib pou tout elèv, estaf, manm kominote lekòl la ak manm fanmi san yo pa konsidere andikap reyèl oswa aparàn. OAP kolabore avèk yon varyete patnè, ni entèn ni ekstèn nan NYCPS, pou fasilite aranjman aksè akoutèm ak pwojè konstriksyon alontèm pou amelyore aksesibilite nan bilding, pwogram, sèvis ak aktivite atravè NYCPS. Anplis, OAP ap fè efò pou ogmante konsyantizasyon sou aksesibilite atravè devlopman dokiman oryantasyon sou aksesibilite ak pwogram fòmasyon. Se OAP ki responsab pou prepare ak fè mizajou nan rapò sa a dapre lwa lokal 12 Vil Nouyòk 2023 a.

OAP fè pati Gesyon espas (Space Management, SM), biwo Chanselye a chwazi pou jere espas pou tout lekòl ak enstalasyon administratif NYCPS yo. Se direktè egzekitif anchèf Thomas Taratko ki dirije SM ki sèvi tou kòm fasilite sèvis andikap pou NYCPS.

Fasilitatè sèvis andikap (Disability Service Facilitator)

Thomas Taratko

Space Management

131 Livingston Street Rm. 209

Brooklyn, NY 11201

Nimewo telefòn: (718) 935-2959

Imèl: accessibility@schools.nyc.gov

Rezime

NYCPS angaje pou asire pwogram, sèvis, ak aktivite li yo gen aksesibilite pou estaf, manm kominote lekòl la, elèv ak manm fanmi. Anplis, NYCPS ap lite pou kreye yon pwosesis transparan pou moun konprann aksesibilite nan lekòl ak bilding li yo ak pou mande akomodasyon ki rezonab.

Pou pèmèt plizyè pwogram ogmante aksè pou elèv ki gen difikilte pou mache oswa deplase ak lòt andikap fizik, NYCPS ap kontinye modènize bilding lekòl ak enstalasyon administratif NYCPS yo. Renovasyon pou aksesibilite ki pi komen gen ladan elajisman clwazon ak pòt, amelyorasyon espas rasanbleman piblik, kreyasyon twalèt ki gen aksè pou chèz woulant, ak asansè, ranp ak pòt ki ouvri otomatik pou chèz woulant. Renovasyon konplè gen ladan fè bilding ki pa gen aksè pou chèz woulant vin gen aksè total lè yo ajoute karakteristik tankou antre ki gen aksè pou chèz woulant, ranp, ak transpò vètikal, ki gen ladan asansè, eskalye woulan ak aparèy mekanik ki ka solve chèz woulant lan.

Pandan senk ane kap vini yo, NYCPS ap kontinye fè investisman enpòtan nan gwo angajman li pran pou aksesibilite, lè li bay distri ki pa resevwa ase sèvis depi lontan yo priyorite. Priyorite NYCPS pou senk pwochen ane yo ap gen ladan:

- Ogmante aksesibilite nan tout pwogram ansèyman espesyalize (ladan Distri 75 ak Edikasyon pwofesyonèl ak teknik (Career and Technical Education, CTE) nan bilding ki deja egziste yo pou tout elèv nou yo atravè modènizasyon estrikti, tankou konstriksyon asansè, ranp, twalèt ki gen aksè pou chèz woulant, ak modènize pòt yo, lè sa posib.
- Konstwi nouvo bilding ki gen aksè konplè pou chèz woulant pou ogmante opsyon pou elèv ak estaf.
- Fè sondaj sou tout bilding ki pa bilding prensipal yo (tankou anèks oswa bilding salklas tanporè) pou evalye kondisyon yo epi detèmine estrateji pou ogmante aksesibilite.
- Enstale kamera ak mekanis pou debloke pòt a distans nan antre kote ki gen aksè pou chèz woulant nan tout bilding lekòl yo.
- Ogmante inisyativ fòmasyon nan tout vil la pou tout moun ki konsène pou ogmante konsyantizasyon sou andikap ak aksè epi ankouraje enklizyon.
- Amelyore demand pou fè akomodasyon rezonab ak fè suivi pou sa.

Règleman ak pwosedi antidiskriminasyon pou pote plent kont diskriminasyon entèn

Se règleman NYCPS pou l bay opòtinite anplwa egalego dapre lwa ak règleman ki aplikab, ki pa baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, gwosè, estati militè, kondisyon chomaj, ansyen dosye arestasyon oswa anprizònman, estati moun k ap bay swen, istwa kredi kliyan, karakteristik predispozisyon jenetik, istwa salè, desizyon sante repwodiktif ak seksyèl, oswa kondisyon kòm viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl oswa swiv moun, epi pou kenbe yon anviwònman san arasman pou nenpòt nan klasifikasyon ki pwoteje pi wo yo, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Se règleman NYCPS pou ofri opòtinite egal nan edikasyon ak nan travay, dapre lwa ak règleman ki an vigè san konsiderasyon pou ras, koulè, relijyon, laj, kwayans, etnisite, peyi orijin, alyenaj, kondisyon sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (ladan idantite sèks reyèl oswa yo sispèk, ekspresyon seksyèl, gwosè/kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit), oswa gwosè epi pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou nenpòt nan klasifikasyon yo pwoteje ki pi wo a, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Règleman Chanselye CR A-830 tabli pwosedi pou anplwaye, elèv, paran elèv, ak lòt moun ki fè biznis avèk NYCPS, ki itilize bilding NYCPS oswa ki gen entèaksyon avèk NYCPS pou pote plent pou diskriminasyon ilegal oswa arasman anplwaye NYCPS oswa moun ki pa anplwaye NYCPS fè men ki travay avèk anplwaye oswa elèv NYCPS, oswa revanch yo sibi poutèt yo pote plent sa yo. (Gade sipleman A, Règleman Chanselye A-830).

Plan ajans la

1) Aksè fizik

NYCPS sipèvize plis pase 1225 bilding prensipal (san konte anèks) atravè 32 distri lekòl. Avèk pi ansyen bilding ki te konstwi an 1850, NYCPS gen yon pakèt bilding ki gen diferan laj avèk diferan nivo aksesibilite. Gen kèk bilding lekòl ki pa gen baryè pou moun ki gen andikap mobil antre epi sòti nan bilding lan, pandan gen kèk bilding lekòl ki ka gen baryè, men ki pèmèt moun ki gen andikap mobil antre epi sòti nan bilding lan ak jwenn aksè nan pwogram enpòtan epi omwen yon twalèt. Gen lòt bilding lekòl ki pa gen karakteristik chèz woulant pou moun ki gen andikap.

Pou sipòte efò k ap kontinye fèt pou amelyore aksesibilite nan bilding lekòl yo, NYCPS konte anpil sou Plan envestisman (Capital Plans), ki se sous finansman otorite Vil ak Eta yo mete sou pye chak senk ane.

Pandan Plan envestisman pou ane fiskal 2015-2019 la, NYCPS te resevwa \$150 milyon dola ki te la pou amelyore aksesibilite nan lekòl. Yo te itilize finansman sa a pou fasilite modènizasyon estrikti pou amelyore aksesibilite nan bilding ki deja egziste yo, bay priyorite pou distri ki gen plis bezwen. Avèk finansman sa a, NYCPS te antreprann 27 pwojè envestisman sa yo:

- Yo te chwazi 9 pwojè pou fè bilding ki pa gen aksè pou chèz woulant vin gen aksè total pou chèz woulant.

- Yo te chwazi 3 pwojè pou fè bilding ki pa gen aksè ditou pou chèz woulant vin gen aksè limite pou chèz woulant.
- Yo te chwazi 5 pwojè pou fè bilding ki gen aksè limite pou chèz woulant vin gen aksè total pou chèz woulant.
- Yo te chwazi 10 pwojè pou amelyore bilding ki gen aksè limite pou chèz woulant.

Plan investisman NYCPS pou ane fiskal 2020-2024 la te resevwa \$750 milyon dola pou amelyore aksesibilite. Avèk finansman sa a, yo te chwazi 54 pwojè; yo tout nan divès etap konstriksyon. Nan 54 pwojè investisman sa yo:

- Yo te chwazi 44 pwojè pou fè bilding ki pa gen aksè pou chèz woulant vin gen aksè total.
- Yo te chwazi 10 pwojè pou fè bilding ki gen aksè limite pou chèz woulant vin gen aksè total pou chèz woulant.


Avèk finansman ki soti nan plan investisman 2020-2024 la, NYCPS te reyisi atenn objektif sa yo:

- Chwa pwojè plan investisman pou asire 50% nan tout bilding prensipal nan chak distri lekòl ki gen klas primè pral vin gen aksè limite pou chèz woulant oswa aksè total pou chèz woulant lè yo fini.
- Chwa pwojè plan investisman pou asire 33% nan bilding prensipal nan chak distri lekòl vin gen aksè konplè pou chèz woulant lè yo fini.

Efò OAP fè avèk finansman plan investisman ak lòt resous te mennen nan ogmantasyon konsiderab nan pwopòsyon bilding ki vin gen aksè total pou chèz woulant atravè NYCPS. Ant ane lekòl 2016-2017 ak 2023-2024 yo:

- Pousantaj bilding ki gen aksè konplè pou chèz woulant ogmante nan tout distri lekòl soti nan 13% pou rive nan 33%.
- Pousantaj bilding ki pa gen aksè konplè pou chèz woulant diminye nan tout distri lekòl soti nan 35% pou rive nan 30%.
- Pousantaj bilding ki pa gen aksè ditou pou chèz woulant diminye nan tout distri lekòl soti nan 52% pou rive nan 38%.

Ou ka wè nan graf ki pi ba a enpak amelyorasyon enpòtan sa a sou nivo aksesibilite nan bilding prensipal NYCPS yo.



Yo prevwa pou bay \$800 milyon dola nan finansman pwochen pwojè investisman aksesibilite nan ane fiskal 2025-2029 la. Montan sa a reprezante yon ogmantasyon \$50 milyon dola parapò avèk finansman \$750 milyon dola ki nan plan investisman 2020-2024 kounye a. Dapre finansman anplis sa a, OAP prevwa lanse apeprè 50-75 pwojè investisman anplis pandan senk pwochen ane yo.

1. Sou-komite pou aksesibilite (Accessibility Sub-committee)

Pou yo chwazi bilding ki apwouve pou pwojè renovasyon ki gen rapò avèk aksesibilite plan investisman finance yo, yon komite ki gen moun ki soti nan diferan departman (cross-functional committee), Sou-komite aksesibilite (Accessibility Sub-Committee, ASC), rankontre detanzantan pou analize lokal ki posib pou yo chwazi yo. ASC te kreye an 2015 pou asire bon chwa ekitab ak transparan pou pwojè aksesibilite yo. Plizyè biwo NYCPS patisipe nan reyinyon ASC tankou SM, Divizyon Ekipman Lekòl (Division of School Facilities, DSF), Biwo Edikasyon Espesyal (Special Education Office, SEO), ak Biwo Enskripsyon Elèv (Office of Student Enrollment, OSE), ansanm avèk ajans patnè ki devwe pou bati ak modènize lekòl NYCPS yo, Otorite Konstriksyon Lekòl Vil Nouyòk (New York City School Construction Authority, SCA). ASC a bay yon anviwònman enklizif pou chita pale sou planifikasyon estrateji NYCPS sou tout pwoblèm konsènan aksesibilite nan bilding lekòl yo epi li vote pou apwouve pwojè plan investisman yo pwopozé finance pou aksesibilite yo.

Yo analize plizyè kritè pou detèmine si yon pwojè aksesibilite ta dwe fè pati yon plan investisman. Kritè sa yo gen ladan, pami lòt:

- Distri jewografik ki montre pousantaj pi ba a pou bilding lekòl ki gen aksè pou chèz woulant, pou bay priyorite pou zòn espesifik ki gen bezwen nan distri sa yo;

- Popilasyon elèv (efektif ak nivo klas);
- Distribisyon jeneral lekòl ki gen aksè pou chèn woulant yo, ak yon konsantrasyon pou redui tan trajè elèv;
- Prezans lekòl distri 75;
- Disponibilite pwogram espesyal (tankou CTE); ak
- Itilizasyon espesyal lokal yo (tankou itilize l kòm shelter, sant vòt, ak aktivite piblik).

Pandan faz planifikasyon plan investisman, OAP ap itilize zouti pou fè previzyon, enkòpore kritè ki dekri pi wo a, pou idantifye yon lis bilding kòm bilding ki ka sou lis kòm pwojè amelyorasyon aksesibilite. Se patnè nou yo nan konstriksyon ki verifye pwojè sa yo pou detèmine estimasyon pri ak posiblite anjeneral. Yo prezante pwojè posib ki rive nan pwen sa a bay ASC a pou vòt final la. Yo mete estimasyon pri pou pwojè yo apwouve a imedyatman nan plan investisman pou fonksyonman an epi yo antre pwojè yo nan pwosesis konstriksyon an.

II. Patenarya avèk otorite responsab konstriksyon pou lekòl

SCA se yon ajans leta ki responsab konstriksyon ak renovasyon tout lekòl leta nan Vil Nouyòk.

Depi yo fin apwouve nouvo pwojè konstriksyon oswa renovasyon, SCA vin konpayi ki responsab pou asire yo fini pwojè yo. SCA suiv pwosesis konstriksyon estanda a ki gen ladan faz dimansyon, konsepsyon, apèl òf, ak konstriksyon. Yo jeneralman prevwa pou pwojè sa yo, soti nan kòmansman jiska lè yo fini dire apeprè twa a senk ane.

OAP resevwa rapò konplè sou konstriksyon SCA pibliye chak sis mwa ke yo itilize pou suiv sa kap fèt nan nouvo pwojè konstriksyon yo. Lè pwojè yo fini, OAP fè sondaj sou tout nouvo pwojè konstriksyon yo epi fè pwofil pou bilding ki gen aksè pou chèn woulant, jan nou pale sou sa pi ba a.

III. Patenarya avèk Divizyon Ekipman Lekòl

Se DSF ki antretni ak repare bilding NYCPS jere yo. DSF sipèvize plis pase 1 300 lokal nan senk borough yo. Manm estaf DSF yo responsab pou fè netwaye, jete fatra, jere chofaj, èkondisyone, plonbri, chapant, pentire, fè ti reparasyon, modènize twalèt ak sekirite anviwònman.

Pou jere bezwen pou antretyen ak amelyorasyon k ap kontinye fèt yo, DSF sipòte objektif aksesibilite lè yo reyalize pwojè aksesibilite ki gen yon dimansyon limite, ladan amelyorasyon twalèt tankou mete yon ba vètikal moun ka kenbe pou soulve kò yo ak tab ki atache nan mi pou pwòpte timoun. DSF sipòte tou pwojè modènizasyon aksesibilite nan lekòl tankou enstalasyon fontèn pou ranpli boutèy, ranfòsman non ak nimewo salklas an bray, enstalasyon kamera ak mekanis pou debloke pòt adistans nan antre kote ki gen aksè pou chèn woulant, ak enstalasyon ranp ak manèv pou leve ak sekirize chèn woulant.

Pandan senk pwochen ane yo, yo prevwa DSF ap kontinye amelyore aksesibilite nan lekòl atravè pwojè modènizasyon dimansyon limite sa yo.

IV. Sondaj pwofil aksesiblite nan bilding

Depi 2016, OAP ap evalye kondisyon bilding lekòl lè li fè plis pase 900 sondaj atravè tout 32 distri yo pou kreye pwofil aksesiblite nan bilding (building accessibility profiles, BAP). Nan kad pwosesis sondaj BAP a, kowòdonatè aksesiblite OAP yo vizite bilding lekòl yo pou kolekte done epi fè yon evalyasyon BAP ki varye ant 1 ak 10 (10 se pi wo nivo aksesiblite a). Pou ede fanmi gen bon enfòmasyon pou fè chwa ak demand enskripsyon lekòl, yo afiche BAP yo piblikman pou bay enfòmasyon detaye sou aksesiblite nan chak bilding, epi yo mete ajou evalyasyon BAP yo detanzantan pou reflekte amelyorasyonresan ak nouvo konstriksyon. OAP konte tou sou BAPS pou mete li okouran sou plan estratejik li pou fè repatisyon resous atravè pwojè aksesiblite.

OAP ap kontinye elaji baz done BAP li a lè li fè lis amelyorasyon aksesiblite ki fini nan bilding ki deja egziste ak fè sondaj sou lokal konstriksyon nouvo pandan y ap ajoute yo nan pòtfolyo bilding NYCPS yo. Li pral kontinye fè efò tou avèk sondaj pou verifiye done ki deja egziste yo ki pral gen ladan sondaj sou bilding ki pa bilding prensipal yo. Yo prevwa pandan senk ane kap vini yo, OAP pral fè sondaj sou omwen 200 bilding anplis chak ane.

2) Aksè dijital

Aksè dijital enpòtan pou patisipasyon total moun ki gen andikap nan pwogram ak sèvis NYCPS, ladan sa ki fèt atravè teknoloji elektwonik ak enfòmasyon sou sitwèb NYCPS yo. NYCPS ap kontinye amelyore aksè nan pwodwi, enfòmasyon ak resous li yo nan fòm dijital.

NYCPS angaje pou asire moun ki gen andikap gen aksè nan kontni dijital yo epi l ap kontinye amelyore eksperyans itilizatè a pou tout moun lè yo aplike nòm pou aksè ki enpòtan yo. Ou ka jwenn kopi deklarasyon aksesiblite sitwèb NYCPS la sou sitwèb NYCPS la. (Gade sipleman B, Deklarasyon aksesiblite sitwèb la).

NYCPS devlope gid pou estaf ak vandè li yo konsènan kreyasyon ak antretyen sitwèb ki aksesib. NYCPS ap kontinye avanse aksesiblite dijital sitwèb prensipal li yo, schools.nyc.gov ak infohub.nyc.gov. Sitwèb sa yo respekte egzijans gid pou kontni sitwèb aksesiblite (Web Content Accessibility Guidelines, WCAG) 2.1 AA epi NYCPS ap kontinye asire yo respekte nòm sa a oswa yon modifikasyon ki vin apre.

Pou bay estaf yo pouvwa konsènan wòl yo nan efò pou respekte nòm dijital, NYCPS bay estaf li yo fòmasyon sou aksesiblite sitwèb. NYCPS ofri kou aksè dijital pou estaf sou demand, ladan twa kalite sètifika: Digital Accessibility Basics for All Staff, Digital Accessibility for Webmasters ak Application Developers, and Digital Accessibility for Video Creators. W ap bezwen gen sètifika pou vin yon moun ki apwouve pou kreye kontni sou sitwèb NYCPS yo.

Pou sipòte plis moun k ap fè kontni, NYCPS te jwenn yon lisans antrepriz pou Adobe Creative Suite ki bay tout manm estaf yo aksè nan Adobe Acrobat Pro, sa ki pèmèt kreyasyon PDF ak fòm pou ranpli yo aksesib. Anplis,

Biwo pou kominikasyon an aji kòm yon resous entèn ki bay sipò ak kòmantè anplis sou kontni dijital yo gen entansyon afiche sou sitwèb NYCPS yo pou asire yo respekte nòm aksesibilite yo.

Pandan senk ane kap vini yo, NYCPS pral dirije sesyon gwoup travay atravè divizyon pou asire tout sitwèb ak kominikasyon piblik ajans lan respekte nòm aksè dijital k ap evolye yo, ak pou konsèy ak materyèl fòmasyon sou aksè dijital yo rete ajou ak disponib pou tout estaf NYCPS yo.

3) Aksè pwogramasyon

Youn nan objektif prensipal NYCPS se minimize obstak epi bay resous nesèsè pou asire tout elèv, ladan moun ki gen andikap, gen aksè nan pwogram ansèyman yo. Pou asire tout elèv yo ka jwenn aksè nan pwogram lan, NYCPS devlope plizyè règleman, pwosesis pou mande aranjman, ak estrikti sipò espesyalize.

Dapre règleman NYCPS ak seksyon 504 nan Lwa 1973 sou reyabilitasyon (seksyon 504), yo pa dwe retire ni refize avantaj ni fè diskriminasyon kont okenn moun ki kalifye kòm moun ki gen andikap nan okenn pwogram oswa aktivite NYCPS patwone.

Règleman Chanselye A-710 (seksyon 504 Règleman ak Pwosedi pou Elèv yo) tabli règleman ak pwosedi NYCPS pou elèv ki ale nan lekòl ak pwogram NYCPS ki kalifye kòm moun ki gen andikap jan yo defini sa nan seksyon 504 la epi ki bezwen akomodasyon pou patisipe nan pwogram oswa aktivite NYCPS. (Gade sipleman C, Règleman Chanselye A-710).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou akomodasyon 504 yo sou [Sitwèb NYCPS](#) la.

1. Règleman admisyon sou aksesibilite

Gen 32 distri lekòl nan Vil Nouyòk atravè senk borough yo. Pou admisyon nan 3-K, Pre-K, Kindergarten, ak lekòl presegondè, yon timoun ka gen priyorite pou l ale nan lekòl nan distri kote l ap viv la, ladan lekòl sektè/zòn li. Lekòl sektè/zòn yo bay priyorite pou aplikan ki abite nan yon zòn espesifik ozalantou lekòl la, ke li rekonèt kòm zòn li. Pifò elèv lekòl primè ak segondè gen lekòl sektè/zòn, menm jan avèk kèk elèv lekòl segondè. Elèv aplike pou lekòl segondè pandan ane klas uityèm ane yo epi elèv nevyèm ane (ki p ap refè nevyèm ane a) ka aplike pou pwogram ki gen plas nan dizyèm ane. Gen Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) nan chak borough, kote gen estaf ki disponib pou ede elèv ak fanmi avèk enskripsyon ak admisyon, ladan ede yo avèk aplikasyon yo.

Kòmanse depi ane lekòl 2018-2019 la, epi jan sa ye nan Règleman Chanselye A-101 an, elèv ki gen bezwen pou aksesibilite ki verifiye ap resevwa premye priyorite pou admisyon nan lekòl NYCPS idantifye kòm lekòl ki satisfè bezwen aksesibilite. Pou rezon admisyon, yon elèv ki gen bezwen aksesibilite se yon elèv ki itilize yon aparèy pou depasman—tankou yon chèz woulant, yon twotinèt, beki, oswa baton—pou deplase nan anviwònman, oswa nenpòt elèv ki gen difikilte pou deplase nan anviwònman lekòl la, kit se akòz yon pwoblèm feblès misk, kit se akòz mank andirans, oswa se akòz yon lòt rezon. Pou admisyon nan lekòl ak pwogram ki gen aksesibilite:

- 3-K, Pre-kindergarten ak kindergarten: Yo bay elèv ki gen bezwen aksesiblite priyorite nan gwoup priyorite admisyon yo a. Pa egzanp, yon elèv ki gen yon bezwen pou aksè chèn woulant ap resevwa yon òf pou lekòl ki nan zòn li avan tout lòt elèv ki nan zòn lan.
- Lekòl Presegondè ak Segondè: Elèv ki gen bezwen pou aksè chèn woulant ap gen priyorite avan tout lòt aplikan pou admisyon nan lekòl sa a. Si lekòl la oswa pwogram lan se yon pwogram ki evalye dosye akademik, elèv ki gen bezwen pou aksè chèn woulant la dwe satisfè kritè evalyasyon yo tou.

Pou ede fanmi evalye lekòl ak pwogram ki enterese yo, NYCPS bay enfòmasyon sou aksè chèn woulant lekòl nan anyè pou chak pwosesis admisyon, ak nan sistèm pou fè rechèch ak aplike nan lekòl sou entènèt la, MySchools. NYCPS kontakte fanmi ki gen elèv ki ka gen yon bezwen pou aksè chèn woulant pou asire yo gen opòtinite pou mete pwogram ki satisfè bezwen chèn woulant yo nan aplikasyon yo, nan yon efò pou ogmante chans preferans elèv la.

Lè fanmi ap ranpli aplikasyon admisyon, yo mande yo si pitit yo gen difikilte pou kanpe, mache, oswa itilize eskalye, ak/oswa si li bezwen yon twalèt ki gen aksè pou chèn woulant akòz yon andikap yo ka verifye avek dokiman. OSE ak SEO travay ansanm pou konfime bezwen aksesiblite dapre enfòmasyon ki soti nan Plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Plan, IEP), Plan 504 elèv la, lekòl li ye nan moman an, ak fanmi an, jan sa aplikab. Yo revize elèv ki gen bezwen aksesiblite dapre etap klasman pwosesis admisyon an pou asire yo te resevwa yon premye klasman nan yon lekòl ki gen aksesiblite.

II. Akomodasyon Rezonab

Anplis priyorite admisyon, elèv ki gen bezwen aksesiblite jwenn sipò tou nan pwosesis demand akomodasyon rezonab NYCPS la, ki pèmèt elèv oswa fanmi yo mande akomodasyon pou divès bezwen. Yo ka bay akomodasyon rezonab pou aksè nan pwogram atravè seksyon 504 oswa OAP.

Kowòdonatè seksyon 504 ki baze nan lekòl yo travay ansanm avèk Biwo Sante Lekòl pou sipòte elèv ki gen bezwen medikal, bezwen akomodasyon pou patisipe nan pwogram ak aktivite sou menm pye egalite avèk kamarad yo.

OAP resevwa epi reponn demann akomodasyon ki ka gen ladan chanjman estrikti nan bilding lekòl la (tankou enstalasyon yon ranp tanporè), oswa modifikasyon nan pwogram (tankou deplase yon salklas oswa yon aktivite nan premye etaj yon bilding, achte ekipman, oswa bay yon elèv yon moun pou ede li).

Si yon elèv ki gen bezwen aksesiblite resevwa yon òf nan yon lekòl ki pa satisfè bezwen sa yo, men paran/responsab elèv la panse yon akomodasyon rezonab ta pèmèt elèv la ale nan lekòl sa a, paran/responsab la ka voye yon demand akomodasyon rezonab bay OAP.

Yo revize deman yo voye bay OAP epi yo ba moun ki fè demand repons sou demand lan nan 15 jou. Si yo apwouve demand lan, men aplikasyon akomodasyon yon elèv ap mande yon peryòd tan pwolonje (pa egzanp,

ki enplike konstriksyon oswa acha ekipman), y ap bay elèv la opsyon pou yon plasman tanporè nan yon lekòl toupre lakay li ki satisfè bezwen li pou aksesiblite.

Si yo detèmine akomodasyon paran/responsab la mande a yo pa ka aplike li nan lekòl yo vle a, elèv ka resevwa yon nouvo òf avèk yon transfè medikal nan yon lòt lekòl atravè OSE. W ap jwenn pwosesis pou transfè a nan règleman Chanselye A-101. (Gade sipleman D, Règleman Chanselye A-101).

Pandan ane lekòl 2024-2025 lan, OAP prevwa lanse yon fòm elektwonik senplifye sou entènèt, ki pral amelyore eksperyans itilizatè a epi ede gen kontwòl ak jwenn repons pou demand akomodasyon rezonab yo voye ale.

III. Distri 75

Distri 75 se yon distri pou tout vil la ki bay sipò trè espesyalize onivo enstriksyon nan divès anviwònman pou elèv ki gen andikap tankou ki gen twoub otis (autism spectrum disorders, ASD), ki gen reta entelektyèl grav, twoub emosyonèl, pwoblèm sansoryèl, ak plizyè andikap. Distri 75 ofri sèvis tou atravè lopital ak enstriksyon adomisil. Anpil elèv k ap patisipe nan pwogram Distri 75 yo gen bezwen pou aksesiblite tou epi NYCPS travay nan kolaborasyon avèk pwogram sa yo ak elèv yo pou asire yo resevwa sipò ak resous espesifik ki pèmèt yo gen aksè nan pwogram lan.

4) Kominikasyon efektif

NYCPS angaje l pou l bay moun ki gen andikap bon kominikasyon ki efikas, tankou ki gen pwoblèm pou tande, pou wè oswa lapawòl. NYCPS sipòte bezwen pou kominikasyon moun ki gen andikap lè yo bay yo yon varyete èd ak sèvis pou kominikasyon, tankou entèpretasyon nan langaj an siy pou moun ki bèbè/soud, itilizasyon materyèl ekriti an bray ak an gwo karaktè, ak teknoloji asistans (assistive technology, AT).

NYCPS bay AT pou amelyore kapasite fonksyonèl elèv ki gen andikap ki bezwen asistans pou jwenn aksè nan kourikoulòm yo. Ekip Santral Teknoloji Asistans lan bay elèv AT ki sipòte kominikasyon yo avèk pwofesè ak kamarad klas yo, pou fini fè travay lekòl bay, ak patisipe nan pwogram ak aktivite lekòl. Evalyasyon AT detèmine ki aparèy ak resous k ap bay elèv pi bon sipò. Evalyasyon yo fèt dapre yon apwòch ann ekip epi yo pran enfòmasyon fanmi an ak elèv la bay lè sa posib. AT se aparèy tankou aparèy k ap li sa ki ekri sou yon ekran, sistèm modilasyon frekans pou tande (FM), lojisyèl kote ou ka pale epi l ap ekri sa w ap di a, lojisyèl ki transfòme tèks an pawòl, kominikasyon ogmantatif ak altènatif, ak aplikasyon pou agrandi tèks/imag sou ekran.

Anplis, OAP tabli règleman, gid ak pwogram trening ki ranfòse motivasyon aksesiblite pami estaf ak ranfòse kominikasyon ak pratik ki pran ankonsiderasyon andikap.

I. Devlopman règleman ak gid

Nan kad objektif li pou asire pwogram, sèvis ak aktivite NYCPS aksesib, OAP travay nan kolaborasyon avèk defansè dwa yo pou devlope epi bay enfòmasyon, règ ak konsèy ki fèt pou amelyore aksesibilite nan tout NYCPS. OAP te travay tou an kolaborasyon avèk lòt biwo NYCPS pou devlope règleman inisyativ sa yo:

- Gid pou plan aksesibilite ijans bay lidè lekòl yo yon plan aksyon predetèmine pou asire elèv ki gen andikap toujou jwenn aksè nan pwogram edikasyon, avèk yon minimòm entèripsyon, nan ka ta gen yon pàn tanporè nan yon sistèm transpò vètikal tankou asansè oswa eskalye woulan nan yon bilding lekòl ki gen plizyè etaj.
- Yo te kreye Gid pou antre aksesib ansanm avèk Biwo Sekirite ak Patenarya Prevansyon an ki bay konsèy sou pi bon pratik ak pwotokòl apwopriye pou asire aksè nan bilding NYCPS pou moun ki gen andikap.
- Yo mete nan anons pou reyinyon piblik gid pou reyinyon sou aksesibilite yo gen bon enfòmasyon sou karakteristik aksesibilite ak kòman pou mande akomodasyon rezonab.

II. Trening/Fòmasyon

Pou sipòte ogmantasyon kantite lekòl k ap sèvi elèv ki gen bezwen pou chèn woulant, OAP bay kou fòmasyon pou estaf distri a ak biwo santral la. Patisipan resevwa materyèl fòmasyon pou ranfòse kapasite nan nivo lekòl la. Kou fòmasyon OAP gen pou objektif ogmante konsyantizasyon sou andikap ak aksesibilite epi ankouraje enklizyon pou moun ki gen andikap.

Depi 2015, plis pase 13 000 anplwaye NYCPS patisipe nan fòmasyon, ladan sipèentandan, direktè lekòl, kowòdonatè paran, lyezon edikasyon espesyal, founisè pou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal, estaf nan etablisman, ak direktè fonksyonman nan biwo sipò borough. Depi ane lekòl 2020-2021 an, OAP ap ofri fòmasyon vityèl, anplis fòmasyon k ap kontinye anpèsòn pou elaji inisyativ la nan tout NYCPS.

Pandan senk ane kap vini yo, OAP ap kontinye devlope epi ofri fòmasyon bay manm estaf distri ak biwo santral sou pwoblèm ki gen rapò avèk aksesibilite ak sèvis NYCPS kapab bay pou sipòte moun ki gen andikap.

5) Enklizyon nan plas travay

Règleman NYCPS la se pou bay tout moun ki kalifye kòm moun ki gen andikap opòtinite anplwa egalego. Nenpòt anplwaye kounye a oswa potansyèl (aplikan) ki se yon moun ki kalifye avèk yon andikap ka mande yon akomodasyon rezonab pou li ka jwe wòl esansyèl nan travay li genyen kounye a oswa pou ede yo nan pwosesis aplikasyon an.

Se biwo Akomodasyon pou Moun ki gen Andikap (Office of Disability Accommodation, ODA) ki anba Biwo Resous Imèn (Office of Human Resources, DHR) ki dirije pwosesis akomodasyon rezonab pou anplwaye yo.

Tout bilding NYCPS ki pa bilding lekòl gen aksè pou chèz woulant pou tout anplwaye kounye a oswa potansyèl. ODA ak DHR kolabore avèk OAP ak patnè yo pou asire anplwaye NYCPS ap travay nan yon anviwònman travay ki gen aksesiblite epi ki ofri aranjman rezonab pou yon espas travay enklizif ak ansekirite. Yo envite anplwaye ki nan lekòl ki pa kapab jwenn aksè konplè pou chèz woulant nan bilding lekòl yo pou patisipe nan pwosesis entèaktif la pou chita pale epi idantifye aranjman rezonab.

Nou ankouraje anplwaye NYCPS pou chita pale tou dabò sou demand pou akomodasyon rezonab avèk sipèvizè l pou kòmanse pwosesis entèaksyon an ak angaje nan yon dyalòg nan koperasyon. Si anplwaye a pa dakò avèk desizyon an, oswa sipèvizè a pa ka satisfè demand lan, anplwaye a ka kòmanse yon aplikasyon nan Self-Service Online Leave Application System (SOLAS). Se NYCPS HR Connect Office of Medical, Leaves ak Records ak ODA ki evalye demand yo voye nan SOLAS yo.

Nenpòt anplwaye potansyèl ki se yon moun ki kalifye avèk yon andikap ka mande yon akomodasyon rezonab pou li ka patisipe nan pwosesis aplikasyon an menm jan ak aplikan ki pa gen andikap, si yo kontakte ekip entèvyou pa yo a oswa ODA.

Metodoloji

Rapò sa a se rezilta enfòmasyon ki soti nan plizyè sous ak moun ki konsène yo. Yo te konsilte MOPD pandan tout pwosesis la kòm ekspè nan domèn lan konsènan atant ak egzijans yo.

Sou plan entèn, OAP te travay an kolaborasyon avèk biwo entè-depatman yo pou rasanble enfòmasyon enpòtan konsènan règleman ak pratik ki aplike nan tout ajans lan pou sipòte moun ki gen andikap k ap kominike avèk NYCPS. Pwosesis sa a te enplike dyalòg konstriktif ki te bay opòtinite pou idantifye domèn yo dwe foki nan plan sa a ansanm avèk nan amannman alavni.

Yo te pibliye plan aksesiblite senk ane yo te pwopoze a epi yo te afiche l sou sitwèb NYCPS la nan dat 28 desanm 2023, pou piblik la ka fè kòmantè. Anplis, MOPD te pibliye plan yo te pwopoze a ak avi opòtinite pou fè kòmantè sou sitwèb plan aksesiblite ajans Vil Nouyòk la epi te fè konnen sa atravè lis imèl, chanèl medya sosyal ak nan reyinyon kominote chak twa mwa li genyen nan kòmansman mwa janvye a. Pandan peryòd pou voye kòmantè piblik la ki te fini 16 fevriye 2024 la, yo te resevwa epi revize plizyè kòmantè .

Sipleman A

Règleman Chanselye A-830:

REZIME

Règleman sa a tabli règleman antidiskriminasyon NYCPS la. Li tabli tou yon pwosesis evalyasyon entèn pou anplwaye, aplikan pou djòb, paran elèv, elèv, ak lòt moun ki fè biznis avèk NYCPS, travay avèk anplwaye oswa elèv NYCPS, itilizasyon enstalasyon NYCPS oswa k ap entèaji avek NYCPS ki ta renmen pote plent kont diskriminasyon ilegal oswa arasman anplwaye NYCPS oswa moun ki pa anplwaye NYCPS fè men ki travay avèk anplwaye oswa elèv NYCPS dapre yon klasifikasyon pwoteje, tankou arasman seksyèl oswa vanjans ki baze sou plent sa yo.

Ou ka jwenn règleman konplè Chanselye a A-830 sou [Sitwèb NYCPS](#) la.

Appendix B

Deklarasyon Aksesibilite sou Sitwèb

NYCPS angaje l pou asire kontni dijital li yo aksesib ak disponible pou moun ki gen andikap. N ap kontinye amelyore eksperyans itilizatè a pou tout moun epi n ap aplike estanda pou aksè ki enpòtan yo.

Eta konfòmite

WCAG defini egzijans pou moun k ap fè konsepsyon ak devlope sitwèb pou amelyore akseseblite pou moun ki gen andikap. Li defini twa nivo konfòmite: Nivo A, nivo AA, ak nivo AAA. Kontni dijital nou an akò avèk WCAG 2.1 Nivo AA.

Feedback

Nou kontan resevwa kòmantè w sou aksesibilite kontni dijital nou an. Tanpri fè nou konnen si w gen rankontre pwoblèm pou jwenn aksè lè w itilize [Fòm pou fè kòmantè sou aksesibilite sitwèb](#) la.

Si w bezwen èd pou jwenn aksè nan yon pwogram oswa yon sèvis anpatikilye, tanpri voye yon imèl bay DigitalAccessibility@schools.nyc.gov.

Assessment Approach

NYCPS evalye aksè kontni dijital li yo atravè pwòp-evalyasyon.

Ou ka jwenn deklarasyon aksesibilite sitwèb NYCPS sou [Sitwèb NYCPS](#) la.

Sipleman C

Règleman Chanselye A-710:

REZIME

Règleman sa a tabli règleman ak pwosedir NYCPS pou elèv nan lekòl ak pwogram NYCPS ki se moun kalifye ki gen andikap jan yo defini l nan seksyon 504 lwa 1973 sou reyabilitasyon a (Rehabilitation Act of 1973) (29 U.S.C. § 794, 34 C.F.R. § 104) epi ki bezwen akomodasyon pou yo patisipe nan pwogram ak aktivite NYCPS.

Ou ka jwenn règleman konplè Chanselye a A-710 sou [Sitwèb NYCPS](#) la.

Sipleman D

Règleman Chanselye A-101:

REZIME

Règleman sa a tabli règleman konsènan admisyon, ranvwa, ak transfè elèv nan distri lekòl Vil Nouyòk, ni nan distri administratif 1-32 ni nan lekòl ak pwogram espesyalize distri 75.

Ou ka jwenn règleman konplè Chanselye a A-101 sou [Sitwèb NYCPS](#) la.